

# ǴÁREZSIZLIK JÍLLARÍNDA QARAQALPAQSTANDA MATERIALLÍQ MIYRASLARDÍŃ ETNOGRAFIYALÍQ TÁREPTEN ÚYRENILIW

**Muratbaev Ruslanbek Óserbay ulı**
QMU Etnografiya, etnologiya hám antropologiya qánigeligi 2-basqısh magistrantı.. +99893102534
https://doi.org/10.5281/zenodo.20020320

**ARTICLE INFO**
Qabul qilindi: 26-aprel 2026 yil
Ma'qullandi: 28-aprel 2026 yil
Nashr qilindi: 30-aprel 2026 yil

**KEYWORDS**
*Ǵárezsizlik jılları, etnografiya ilimi, materiallıq miyraslar, milliy ónermentshilik, ilimiy keńes, dissertaciya, etnografiyalıq ekspediciya, turaq jaylar, milliy naǵıslar.*

**ABSTRACT**
*Maqalada ǵárezsizlik dáwirdegi Qaraqalpaqstanda materiallıq miyraslardıń biri bolǵan milliy ónermentshilik tarawın etnografiyalıq tárepten úyreniliwi, Ózbekstan Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilimiy-izertlew institutı qasındaǵı ilimiy keńeste 1995-jıldan 2012-jılǵa deyingi, Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universitetindegi ilimiy dárejelee beriwshi keńeste qorǵap shıǵılǵan materiallıq miyraslar, ónermentshilikke tiyisli ilimiu jumıslar haqqında maǵlıwmatlar berilgen hám keleshekte bul taraw úyreniliw kerek máseleler haqqında baǵdar berilgen.*

Elimizdiń ǵárezsizliginen keyin respublikamızda tariyx pánin, sonıń ishinde etnografiya tarawın jańa talap dárejesinde islew boyınsha bir qansha jumıslar islendi. Etnografiya boyınsha izertlewler dawam etip, jańa etnograf qánigelerdiń sanı ósti. Xalqımızdıń tariyxına baylanıslı baspa sózde jańa maǵlıwmatlar járiyalanıw menen bir qatarda, burın ilimpazlar tárepinen rus tilinde járiyalanǵan ilimiy miynetler qaraqalpaq tiline awdarılıp keń jámiyetshilikke usınılıp barıldı. Etnografiyalıq izertlewlerdiń atamaları, mánis mazmunı búgingi kúnniń kóz qarası tiykarında úyrenile basladı. Bul jaǵdaylar úlkemizde turizmniń etnografiyalıq baǵdarınıń rawajlanıwına óziniń unamlı tásiin tiygizdi.

1992-jılı Tariyx, til hám ádebiyat institutı ayırılıp qayta dúziledi. Tariyx arxeologiya etnografiya institutı bolıp dúzilgennen soń institutta 1994-jılı K 0153001 Qánigelestirilgen keńes ashılıp, onda tariyx ilimleri boyınsha kandidatlıq dissertaciya jaqlaw múmkinshiligine iye boldı. Qánigelestirilgen keńes 1995-jıldan baslap 2012-jılǵa deyin jumıs alıp barıp, onda 60qa jaqın ilimpazlardı ilim kandidatı etip tayarlap shıǵardı, solardıń ishinen etnografiya tarawı boyınsha N.Tleubergenova «Традиционное жилище каракалпаков XIX— начала XX вв, R.Kamalova «Традиционные верования в семейно-бытовой обрядности каракалпаков (XIX— начала XX веков)», T.Esbergenova «Традиционное трудовое воспитание детей у каракалпаков (конец XIX — начало XX веков)», E.Kalbanova «Быт и культура уральских казаков Каракалпакстана (последняя четверть XIX — начало XX веков)», A.Biyjanova «Семейно-бытовые обряды казахов низовья Амударьи (вторая половина XIX — середина XX вв.)», S.Esbergenova «Почитание животных в культовой практике каракалпаков

(конец XIX — середина XX вв.)», Z.Qurbanova «Становление и развитие этнографической науки в Каракалпакстане (1920-2000 гг.)» temasında kandidatlıq dissertaciyasın tabıslı qorǵap shıqtı[1].

Tariyxshı O.Yusupov «Dáslepki qaraqalpaq etnografiyalıq ekspediciyası haqqında» maqalasın járiyalap, bunda úlkemizge 1920-30-jılları ekspediciyada bolǵan qánigeler hám olardıń alıp barǵan jumısları tuqralı burıngı járiyalanǵan maqalalar hám arxivlik derekler tiykarında tolıqtırılǵan. Onda ekspediciya aǵzalarınıń hár bir rayon hám qala, awıllarda bolǵanlıǵın, materiallar jıynawdaǵı duslasqan qıyınshılıqlar,olardı qarjı menen támiyinlew máseleleri, usı ekspediciyada jumıs alıp barǵan N.A.Baskakov, Q.Ayımbetov hám taǵı basqa da qatnasıwshılardıń jumısları hám olardıń áhmiyeti tuwralı bahalı maǵlıwmatlar beredi[2].

"Aral qızları" jurnalında Lada Sergeevna Tolstova, qaraqalpaq xalqınıń tariyxın izertlep, ilimniń rawajlanıwına salmaqlı úles qosqan, bir neshe ilimiy miynetler shıǵarǵan alım haqqında keńirek maǵlıwmatlar beriledi. Lada, qaraqalpaq xalqınıń tariyxın izertleo, xalıqtı dúnya júzine tanıtqan belgili alım Sergey Pavlovich Tolstovtıń qızı. Onıń kishkene balalıǵınan baslap, úlken ilimpaz bolıp jetiliskenge shekemgi ómir jolı tuwralı, birge oynap-ósken hám klaslas dostı, ilimpaz M.M.Rojanskaya aytıp ótedi[3].

2000-jılı etnografiya bólimi X.Esbergenovtıń basshılıǵında «Qaraqalpaqlardıń XIX ásirdiń aqırı XX ásirdiń basında materiallıq hám ruwxıy mádeniyatı» temasında jumıs alıp bardı. Tema boyınsha jetiskenliklerdiń biri qaraqalpaqlardıń qońsı xalıqlar menen baylanısta bola otırıp áyyemgi dáwirden beri diyqanshılıq, sharwashılıq, balıqshılıq, ańshılıq hám basqa da, ulıwma kompleksli xojalıq túri menen shuǵıllanıl kiyatırǵanlıǵı anıqlandı. Materiallıq mádeniyatı – turaq-jayı, kiyimi, bezeniw zatları xojalıqtıń túrine qaray iykemlesken. Fondtaǵı hám ádebiyatlardaǵı materiallar jıynalıp úyrenildi. Sonday-aq qaraqalpaqlardıń naǵısları hám bezeniw zatları úyrenildi. 2000-jıl iyul-avgust aylarındaǵı etnografiyalıq izertlewlerdiń barısında qaraqalpaqlardıń Ural kazakları menen baylanısı úyrenildi. Arxeologiya hám etnografiyalıq materiallar salıstırmalı tiykarda úyrenilip olar arqalı qaraqalpaqlardıń hár qıylı dáwirlerdegi dástúrleriniń payda bolıwı hám dástúrlik materiallıq mádeniyatınıń basqa xalıqlar menen baylanısları úyrenilip shıǵıldı. Izertlewlerdiń nátiyjesi boyınsha hár qıylı ilimiy basılımlarda 16 maqala járiyalanǵan. Olardıń arasında X.Esbergenov, S.Esbergenova, A.Biyjanova hám basqalardı atap ótiwge boladı[4].

N.Tleubergenovanıń tariyx ilimleri boyınsha kandidatlıq dissertaciya jumısında kóshpeli turaq jaylardıń túrleri qonıs orınlar, waqıtsha hám máwsimlik turaq jaylar, qara úylerdiń ekologiyalıq, geografiyalıq, shańaralıq turmıstaǵı roli, turaqlı túrde jasawshı úyler hám olardıń qurılıs materialları, qurılıw barısı, háwlilerdiń túrleri, turaq jaylardıń túrleri, turaq úy jaylardıń

---

[1] 1995-2012-jıllar aralıǵında Ózbekstan Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi tariyx arxeologiya hám etnografiya institutı K 015 30 01 Qánigelestirilgen keńeste jaqlaǵan aspirantlar hám izertlewshiler haqqında maǵlıwmat. Ózbekstan Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilimiy-izertlew institutı esabatı. Institut málimleme resurs orayı.

[2] Юсупов О. Дәслепки қарақалпақ этнографиялық экспедициясы ҳаққында.// Әмиўдәрья. №6-7. 1992. 111-113-betler.

[3] Рожанская М.М. Л.С.Толстова туўралы сөз.// Арал қызлары. №1-2. 1996. 121-128-бетлер.

[4] Есбергенов Х. Некоторые итоги этнографических исследований 2000 г.// Материалы Научной сессии Ученого Совета, посвященной итогам научно-исследовательских работ 2000 года. Н. 2001. 19-20-бетлер.

kelip shıǵıw tariuxı, kóshpeli hám otırıqshı turaq jaylarǵa baylanıslı úrp-ádet dástúrler, máresimler hám isenimler haqqında keńctúrde ilimiy maǵlıwmatlar berilgen[5].

Z.Qurbanovanıń tariyx ilimleri boyınsha filosofiya doktorı **(DSc)** dissertaciya jumısında kiyim-kensheklerdiń forması hám túrleriniń qáliplesiwi hám rawajlanıwına tábiyiy-klimat sharayatı hám tiykarǵı xojalıq óndirislik ózgesheliginiń tásiri;

- tariyxıy-etnografiyalıq maǵlıwmatlar tiykarında qaraqalpaq hayal hám erkek kiyimleri kompleksiniń áhmiyetli tárepleri, Oraylıq Aziya xalıqları kiyimleri menen uqsas tárepleri;

- kiyim islep shıǵarıw texnologiyalıq ashıp berildi, bul bolsa diyqanlar, sharwalae hám balıqshılardıń mádeniyatı menen baylanıslı bolǵan materiallar;

Ayırım jergilikli gezlemelerdiń paydalanıwdan shıǵıp ketkenligi hám basqa da jańa gezlemelerdiń payda bolıw sebepleri máselen, jergilikli gezlemelerdiń qısıp shıǵarılıwı hám tolıq paydalanıwdan shıǵıp ketiwine fabrikalarda islep shıǵarılǵan paxta gezlemeleriniń massalıq tarqalıwı ;

- qaraqalpaqlardıń kiyim-kenshek hám taǵınshaqlar haqqındaǵı túsinikleri hám olardıń qaraqalpaq xalqınıń dástúriy mádeniyatında tutqan ornı;

- zamanagóy dizayn ámeliyatında qaraqalpaq milliy kiyimlerin jaratıwda kórkemlik dástúrlerdi qollanıwdıń áhmiyeti, zamanagóy úlgilerde qollanılatuǵın dástúriy kiyim jaratıw boyınsha óziniń bahalı usınıların berip ótilgen[6].

D.Tureniyazovanıń tariyx ilimleri boyınsha filosofiya doktorı **(PhD)** dissertaciya jumısında elimizge kelgen turistlerdiń ónerment ustalardıń jumıs proceslerin baqlaw menen birge, ózleri de tikkeley Shımbay rayonında qara úy soǵıw, zergerlik buyımları, Tóbe awılında shiy toqıw, Kegeyli, Qońırat rayonları hám Nókis qalasında milliy saz ásbapların soǵıw, kesteshilik, gilem toqıw, “Ashshı kól”degi etno awıl, Shomanay rayonında kiyiz islew sıyaqlı ónimler tayarlawda qatnasıwları qaraqalpaq xalqı ónermentshiligi boyınsha unamı obraz qáliplesiwine úlken úles qosıp atırǵanlıǵı;

Qaraqalpaqstanda dástúriy ónermentshilikti saqlaw hám ǵalaba en jaydırıw, sonday-aq, turizmdi rawajlandırıw maqsetinde Nókiste “Ónermentler awqamı”, Shımbayda Qara úy ustaxanası hám muzeyi, Shomanayda “Usta-shákirt” mektebi, Bozatawda “Ónermentler alleyası” hám 10 úy muzeyleriniń shólkemlestiriliwi analizi tiykarında etnoawıllardı shólkemlestiriw baǵdarında perspektivalı imkaniyatlardıń bar ekenligi;

Qaraqalpaqstanda ázelden qáliplesken ónermentshilik orayları - Shımbay rayonında “Qara úy ustaxası, shiy toqıwǵa qánigelesken Topekishlaǵı, qara úydiń baw-shuwların toqıwshılar, er-turman tayarlawshılar, besik ustaları, muzıkabbásbapların tayarlawshılar, zergerler; Shomanay rayonında kiyiz tayarlawshı, qolda gilem toqıwshı; Qońırat rayonında keste toqıwshı waqtında gilem toqıwshı; Nókis qalasında keste toqıwshılar, qolda gilem toqıwshı, quraq tigiwshiler, suvenirler, quwırshaqlar hám taǵınshaqlar tayarlawshılar, muzıka ásbapların tayarlawshılardıń mánzilleri etnoturizmdi rawajlandırıw menen birge xalıqaralıq

---

[5] Тлеўбергенова Н. Традиционные жилище Каракалпаков XIX начало XX веков.АКД. Н.,1996

[6] Курбанова З. И. Қорақалпоқларнинг анъанавий кийим-кечаклари (XIX аср охири - XX аср) 07.00.07– Этнография, этнология, антропология. Тарих фанлари доктори (DSC) диссертация автореферати. Н.,2022.

kólemde qaraqalpaq xalqınıń milliy ónermentshiligin úgit-násiyatlaw baǵdarındaǵı úlesiniń de artqanlıǵı kórsetip ótilgen[7].

G.Akimniyazovanıń tariyx ilierіcboyınsha filosofiya doktorı **(PhD)** dissertaciya jumısında sawdagerlik kásibiniń zat alıp keliw aymaqlaeıxtúrler, olardıń toparlarǵa, qatlamlarǵa bóliniwiniń qáliplesiwiniń ózine tán ózgeshelikleri, sonday-aq, olardıń ishki(ónermentshilik ónimleri, sharwa, kiyim-kenshek hám t.b sawdası) hám sırtqı sawdadaǵı (metall, teridenctayarlanǵan ónimler, pardozlar tovarları) ornına;

Qaraqalpaq bazalarlarında saqda qatnasıqları, sawda islew ushın zakat, otırıwbushın tólem-orın pul, táreziden salıq- tárezi pul sıyaqlı salıqlardıń túrleri, salıq salıwdıń ózine tánligi, awırlıq- batpan, onseri, siyseri, aǵarı hám uzınlıq- shaqırım, qulaw, qarıs – ólshemleriniń ózine tánligi;

Bazarlardıń málimleme almasıw, sóylesiw, mádeniy dem alıw sıyaqlılar ámelge asırılǵan kommunikativ oray sıpatındaǵı ornı; sharbaq dep atalǵan dástúriy júk haywanları jaylastırılatuǵın, bazarǵa kelgen adamlar dem alatuǵın orınnıń oǵan kelgen adamlar dem alıwı, awqatlanıwı, óz tovarların saqlawı, sonday-aq, óz at-arbaların waqtınsha qaldırıwı múmkinligi sıyaqlı onıń etnomádeniy ózgeshelikleri kórsetip berilgen hám tallanǵan[8].

Juwmaqlap aytqanda, búgingi kúnde qaraqalpaq xalqınıń materiallıq miyraslarınıń biri bolǵan qara úylerdiı soǵılıw, qurılıw barısı, milloy ónermentshilik tarmaqlarınıń barlıq tarawların izertlew búgingi kúnniń obyektine aynalıw zárúr, sebebi umıtılıp baratırǵan bul tarawlar házirgi waqıtları shet elli miymanlardıń qızıǵıwshılıǵın ózine tartpaqta. Jáne de milliy ónermentshilik baǵdardıń rawajlanıwına úles qosqan el azamatlarınıń jumıslarınıń úyrenip olardı úgit-násiyatlap barsaq, milliy ónermentshilik tariyxın, ónermentshilikke baylanıslı úrp-ádet dástúrlerdi keleshek áwladqa qaldırıwǵa óz úlesimizdi qosqan bolamız.

## Paydalanílǵan ádebiyatlar:

1.Ózbekstan Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilimiy-izertlew institutı esabatı. Institut málimleme resurs orayı oqıw zalı.

2. Юсупов О. Дәслепки қарақалпақ этнографиялық экспедициясы ҳаққында. // Әмиўдәрья. №6-7. 1992.

3. Рожанская М.М. Л.С.Толстова туўралы сөз.// Арал қызлары. №1-2. 1996.

4. Есбергенов Х. Некоторые итоги этнографических исследований 2000 г.// Материалы Научной сессии Ученого Совета, посвященной итогам научно-исследовательских работ 2000 года. Н. 2001.

5. Тлеўбергенова Н. Традиционные жилище Каракалпаков XIX начало XX веков.АКД. Н.,1996.

6. Курбанова З. И. Қорақалпоқларнинг анъанавий кийим-кечаклари (XIX аср охири - XX аср) 07.00.07– Этнография, этнология, антропология. Тарих фанлари доктори (DSC) диссертация автореферати. Н.,2022.

[7] Tureniyazova D. Q. An'anaviy qoraqalpoq hunarmandchiligining etnoturizmni rivojlantirishdagi ahamiyati 07.00.07 – Etnografiya, etnologiya va antropologiya, Tarix fanlari bo'yicha falsafa doktori (PhD) dissertatsiyasi avtoreferati. **Nukus – 2025.**

[8] Akimniyazova G. A., An'anaviy qoraqalpoq bozori: o„ziga xos xususiyatlari, ixtisosligi, savdogarlari (XIX asrning ikkinchi yarmi – XX asrning birinchi yarmi) 07.00.07– Etnografiya, etnologiya va antropologiya, Tarix fanlari bo„yicha falsafa doktori (PhD) dissertatsiyasi avtoreferati. Nukus – 2023

7.Tureniyazova D. Q. An'anaviy qoraqalpoq hunarmandchiligining etnoturizmni rivojlantirishdagi ahamiyati 07.00.07 – Etnografiya, etnologiya va antropologiya, Tarix fanlari bo'yicha falsafa doktori (PhD) dissertatsiyasi avtoreferati. Nukus – 2025.
8. Akimniyazova G. A., An‟anaviy qoraqalpoq bozori: o„ziga xos xususiyatlari, ixtisosligi, savdogarlari (XIX asrning ikkinchi yarmi – XX asrning birinchi yarmi) 07.00.07– Etnografiya, etnologiya va antropologiya, Tarix fanlari bo„yicha falsafa doktori (PhD) dissertatsiyasi avtoreferati. Nukus – 2023.

INNOVATIVE ACADEMY